# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

## एम०ए० (मैथिली)

## पार्ट-I, पत्र-I

## (आदिकाल और मध्यकाल)

*वार्षिक परीक्षा, 2013*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कौनो पाँच प्रश्न क उत्तर लिखू । सब प्रश्न क अंक समान अछि ।*

1. मैथिली साहित्यक प्रत्येक कालक प्रकृतिगत विशेषताक उल्लेख करू ।
2. वर्णरत्नाकर ओ धूर्तसभागमक विषय–वस्तु ओ महत्त्वक वर्णन करू ।
3. कीर्तनिया नाटक सँ अहाँ की बुझैत छी ? नाटकक विकास देखबैत ओकर विशेषता सँ परिचय कराउ ।
4. कृष्ण–लीला में सम्बन्धित नाटकादिक कथानकक विवेचन करू ।
5. अङ्कीया नाटकक वैशिष्टय पर प्रकाश दिअ ।
6. माधवदेवक नाट्यकला सँ परिचय कराउ ।
7. नेपाल आ मिथिलाक पारस्परिक सम्पर्कसूत्रक इतिवृत्ति प्रस्तुत करू ।
8. भूपतीन्द्रमल्लक 'विद्याविलाप' क समीक्षा करू ।
9. असमिया नाट्य साहित्यक प्रवर्त्तक युगपुरुषक नाट्यकृतिक समीक्षा करू ।
10. निम्नलिखितक परिचय दिअ :–
    (क) असमिया ब्रजबुलिक
    (ख) अङ्कीया नाट मे संवाद
    (ग) कृष्ण केलि माला

*Examination Programme-2013*

**M.A. Maithili, Part–I**

| *Date* | *Papers* | *Time* | *Examination Centre* |
|---|---|---|---|
| 12.04.2014 | Paper–I | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 14.04.2014 | Paper–II | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 16.04.2014 | Paper–III | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 18.04.2014 | Paper–IV | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 19.04.2014 | Paper–V | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 21.04.2014 | Paper–VI | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 23.04.2014 | Paper–VII | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |
| 25.04.2014 | Paper–VIII | 8.00 AM to 11.00 AM | Nalanda Open University, Patna |

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० (मैथिली)**

**पार्ट-I, पत्र-II**

**(विद्यापति युग ओ साहित्य)**

*वार्षिक परीक्षा, 2013*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कौनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्न क अंक समान अछि ।*

1. विद्यापतिक काल निर्धारण करू ।
2. धर्म, दर्शन आओर अध्यात्मक पर्यायक रूप में विद्यापतिक विस्तृत परिचय प्रस्तुत करू ।
3. महाकवि विद्यापतिक रचना सँ संक्षेप में परिचय कराउ ।
4. विद्यापतिक सौन्दर्य वर्णन पर एक निबन्ध लिखू ।
5. विद्यापतिक मान वर्णन पर एक गोट निबन्ध लिखूं ।
6. अभिसार प्रेमक कसौटी थिक–विवेचन करू ।
7. विद्यापतिक विरह वर्णनक काव्यात्मकता पर प्रकाश दिअ ।
8. विद्यापतिक काव्य में वीर रस, शान्त रस, हास्य रसक वर्णन करू ।
9. बंगालक काव्य–सृजन पर विद्यापतिक प्रभाव कँ स्पष्ट करू ।
10. पठित पाठक आधार पर गंगाक वर्णन करू ।

## नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

एम०ए० (मैथिली)

पार्ट-I, पत्र-III

(भाषा विज्ञान)

*वार्षिक परीक्षा, 2013*

समय : 3 घंटा पूर्णांक : 80

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. भाषा विज्ञानक परिभाषा ओ स्वरूप पर अपन विचार प्रस्तुत करू ।
2. भाषोत्पत्ति विषयक विभिन्न मार्गक संक्षेप में विवेचना करू ।
3. भारोपिय भाषा परिवार पर एक निबन्ध लिखू ।
4. भाषा परिवर्तनशील अछि । एहि उक्तिक विवेचना करू ।
5. ध्वनि परिवर्तन की थिक ? एकर विभिन्न कारणक वर्णन करू ।
6. ग्रिम नियम पर एक निबन्ध लिखू ।
7. शब्दक परिभाषा दैत ओकर विशेषताक विश्लेषण करू ।
8. अर्थ परिवर्तनक मुख्य कारण कोन–कोन आछि, उदाहरण सहित उत्तर लिखू ।
9. भाषा–शिक्षणक प्रमुख सिद्धान्तक विवेचन करू ।
10. आधुनिक यूरोपिय भाषा विज्ञानक विस्तृत विवेचन करू ।

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० (मैथिली)**

**पार्ट-I, पत्र-IV**

**(संस्कृत एवं अवहट्ट)**

*वार्षिक परीक्षा, 2013*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. भाषाक क्रमिक विकास पर दृष्टि निक्षेप करू ।
2. ''कालिदास भारतीय संस्कृतिक महान् संपोषक छलाह ।'' विवेचन करू ।
3. राजा दिलीपक गौ सेवाक विस्तृत वर्णन करू ।
4. सुदक्षिणाक चरित्र–चित्रण करूं ।
5. महाकवि विद्यापतिक 'पुरूषपरीक्षाक' विषय वस्तु सँ अवगत कराउ ।
6. पुरूष परीक्षा आधार पर युद्धवीरक परिभाषा दए ओकर महत्व लिखू ।
7. पुरूषपरीक्षाक आधार पर विद्यापतिक भाषा–शैली पर अपन स्वतंत्र विचार लिखू ।
8. पुरूषपरीक्षाक आधार पर बंचक कथा सँ परिचय कराउ ।
9. मैथिली में अनुवाद करू :–

   (क) न ददाति न वाऽश्नातिधनं रक्षित जीववत्<br>
   प्रात स्मरणीयत्वात् कृपणः कस्य नाऽप्रिय ।

   (ख) रसवन्भान सग्राहि गुणाऽलङ्कार संयुतम् ।<br>
   कविनां यशसे काव्यं हास्यायान्यच्च जायते ।
10. कीर्तिलताक आधार पर जौनपुरक वर्णन करू ।

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

## एम०ए० (मैथिली)

## पार्ट-I, पत्र-V

## (मैथिली गद्य साहित्य-कथा एवं यात्रा साहित्य)

*वार्षिक परीक्षा, 2013*

**समय : 3 घंटा** | **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. स्वातंत्र्योत्तर मैथिली कथा साहित्यिक विकास यात्रा पर निबन्ध लिखू ।
2. कांचीनाथ झाक साहित्यिक परिचय लिखू ।
3. 'झगड़ा' शीर्षक कथाक समीक्षा करू ।
4. 'भात' कथाक मार्मिकता सँ परिचय कराउ ।
5. कथा साहित्यक विकास मे प्रभाष कुमार चौधरीक स्थान निरूपित करू ।
6. प्रो० हरिमोहन झाक मैथिली साहित्य मे अवदान निरूपित करू ।
7. 'माछक महत्व' शीर्षक व्यंग्य कथाक समीक्षा करू ।
8. डॉ० रामदेव झाक 'मनुक संतान' कथा संग्रहक विशेषता लिखू ।
9. विदेश यात्रा पर आधारित यात्रा–साहित्यक वैशिष्ट्य लिखू ।
10. सप्रसंग व्याख्या करू :–

    (क) रौदी सभकिछू सुनितो जेना बहीर छल । सभ किछु देखितो आन्हर छल ओकरा जेना किछुओ सुनबामे नहि आयल होइक । ओहिना घंट्ठर भेल बैसल छल ।

    (ख) कोना अबलापर पराक्रम देखाबी । कोना स्त्री पर तीर छोड़ी । कोना स्त्रीक नाक काटि ली । कोनो स्त्री कै जंगल मे छोड़ि दी । बुझह तऽ स्त्रीएक हत्या सँ रामक वीरता प्रारम्भ होइत छन्हि ।

✿ ✿ ✿

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० (मैथिली)**

**पार्ट-I, पत्र-VI**

**(मैथिली मुक्तक काव्य)**

*वार्षिक परीक्षा, 2013*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. विद्यापति काव्यक प्रभावक वर्णन करू ।
2. विद्यापति एक सफल श्रृंगारिक कवि छथि, पठित पाठक आधार पर प्रमाणित करू ।
3. गोविन्ददास भक्त कवि छलाह, सयुक्ति विचार करू ।
4. संक्रांति एवं मनोरथ शीर्षक कविताक समीक्षा करू ।
5. जनकवि वैद्यनाथ मिश्र यात्रीक कविता में लोकभावनाक समीक्षा करू ।
6. चित्राक वैशिष्ट्य देखाउ ।
7. "परम सत्य" शीर्षक कविता मे कविक की तात्पर्य अछि, स्पष्ट करू ।
8. सुमन जी प्राचीनता एवं नवीनताक संधि स्थल पर ठाढ़ छथि – एहि उक्तिक विवेचन करू ।
9. "तरू" शीर्षक कविताक समीक्षा करू ।
10. सप्रसंग व्याख्या करू :–

(क) दरसने नोर नयन–युग झॉप ।
करइत कोर दुअओ भुज कॉप।।
दुरि करू हे सखि तसु परसंग ।
नामहि जकर अबस होअ अंग ।।

(ख) दुर्भद मानव त्रियभान आइ
माटिक कण–कण सप्राण आई
नव तंत्र मंत्र चिंता धारा
नव सूर्य चन्द्र नव ग्रह तारा
सव कथुक भेल अछि पुनर्जन्म ।

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

**एम०ए० (मैथिली)**

**पार्ट-I, पत्र-VII**

**(काव्य शास्त्र)**

*वार्षिक परीक्षा, 2013*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. काव्यक प्रयोजन मुख्य रूपेँ की सब अछि, विवेचन करू ।
2. काव्यक भेद पर विचार करू ।
3. शब्दशक्तिक विभिन्न भेदक विश्लेषण करू ।
4. रस–निष्पत्तिक विभिन्न मतक समीक्षा करू ।
5. ध्वनिक प्रमुख भेदक उल्लेख करू ।
6. दोषक प्रमुख भेदक उल्लेख करू ।
7. रीति, वृत्ति एवं गुणक अन्तर्सम्बंध स्पष्ट करैत काव्य मे रीतिक स्थान निरूपित करू ।
8. काव्य मे अलंकारक स्थान निरूपित करैत स्पष्ट करू जे ई काव्यक अनिवार्य तत्व थिक अथवा नहि ?
9. छन्दक परिभाषा दैत महत्त्वक विवेचन करू ।
10. अरस्तूक विरेचन–सिद्धान्त पर एकटा विस्तृत लेख लिखू ।

# नालन्दा खुला विश्वविद्यालय

एम०ए० (मैथिली)

पार्ट-I, पत्र-VIII

(निबन्ध आ लोकसाहित्य)

*वार्षिक परीक्षा, 2013*

**समय : 3 घंटा** **पूर्णांक : 80**

*कोनो पाँच प्रश्नक उत्तर लिखू । सब प्रश्नक अंक समान अछि ।*

1. मैथिली निबन्धक विकास कोना भेल ? विचार करू ।
2. मैथिली लोकगाथा पर भेल समीक्षात्मक कार्य पर प्रकाश दिअ ।
3. मैथिली महाकाव्यक स्रोत की रहल अछि ? एकर विस्तार सँ, व्याख्या करू ।
4. मैथिली मुक्तक काव्यक विकास क्रम मे कविश्वर चन्दाझाक योगदानक वर्णन करू ।
5. स्वतंत्र्योत्तर मैथिली उपन्यासक उद्भव आ विकास पर एक निबन्ध लिखू ।
6. मैथिलीक आदिकालीन–कथा एवं ओकर प्रवृत्ति सँ परिचय कराउ ।
7. लोकोक्ति ककरा कहबैक ? सामाजिक पृष्ठभूमि मे एकर महत्ता पर प्रकाश दिअ ।
8. मैथिली लोककथा कॅ कतेक कोटि मे बॅाटल जाए सकैत अछि ? उदाहरण सहित बुझाउ ।
9. मैथिलीक किछु लोकप्रिय लोकनाट्य पर विस्तार सँ विचार करू ।
10. मैथिली संस्कार गीतक विभिन्न विभाजनक सोदाहरण चित्रण करू ।